

Cambridge Health Alliance

Politik Faktirasyon ak Koleksyon

1ye avril 2025

Cambridge Health Alliance
Politik Faktirasyon ak Koleksyon
Tab Matyè

Tab Matyè pou Politik Faktirasyon ak Koleksyon Lopital la	1
I. Kolekte Enfòmasyon sou Resous Finans ak Kouvèti Asirans Pasyan an	2
II. Pratik Faktirasyon ak Koleksyon Lopital la	5
III. Popilasyon ki Egzante de Aktivite Koleksyon	6
IV. Aksyon Koleksyon Ekstrawòdinè	7
V. Ajans Koleksyon Ekstèn	8
VI. Depo ak Plan Vèsman	9

Politik Faktirasyon ak Koleksyon Lopital la

Lopital la gen yon responsabilite fidisyè pou li sekirize tout sous ranbousman posib yo pou sèvis li bay yo, e li pral travay avèk chak pasyan pou li jwenn enfòmasyon pèsonèl ak finansyè anvan prestasyon nenpòt sèvis swen sante a, esksepte nan ka kote se yon pasyan ki gen yon ijans medikal oswa ki gen bezwen sèvis swen medikal ijan k ap resevwa sèvis yo.

Nòmalman sous sa yo enkli, men pa sèlman, konpayi asirans tyès, pwogram asistans prive ak publik pasyan an oswa òganizasyon an elijib pou yo a, epi pasyan an. Sèvis asistans finans yo disponib pou pasyans ki pa asire yo, ansanm ak pasyan ki pa byen asire yo, ki bezwen sipò pou detèmine abilite yo pou peye sèvis yo. Tout enfòmasyon finansye pasyan, fanmi ak/oswa pèsonèl konsève ak pwoteje nan yon mannyè estrik pa lopital la avèk tout lwa sou prive leta ak federal, sekrite, ak vòl Idantite yo. Lopital la itilize kritè apre yo pou rezon faktirasyon ak koleksyon sou pasyan yo:

I. Kolekte Enfòmasyon sou Resous Finans ak Kouvèti Asirans Pasyan an

- A. Pasyan an oblige bay enfòmasyon ki kòrèk, a tan sou dènye enfòmasyon demografik li, estati asirans li, chanjman ki fèt nan revni fanmi li oswa kouvèti politik gwoup (si genyen), epi, si li konnen, enfòmasyon sou franchiz oswa kopeman asirans aplikab la oswa pwogram finansye a egzije yo. Enfòmasyon detaye sou chak objè ta dwe enkli, men pa sèlman:
 1. Non konplè, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, nimewo sekirite sosyal (si li disponib), aktyèl opsyon kouvèti asirans sante yo, enfòmasyon sou sitwayènte ak rezidans, ak resous finans aplikab pasyan an ki ka sèvi pou peye fakti li.
 2. Si nesesè, non konplè garan pasyan an, adrès li, nimewo telefòn, dat nesans, nimewo sekirite sosyal (si li disponib), aktyèl opsyon kouvèti asirans sante yo, ak resous finans aplikab pasyan an ki ka sèvi pou peye fakti pasyan an.
 3. Lòt resous ki ka sèvi pou peye fakti yo, tankou lòt pwogram asirans, politik asirans pwopriyetè kay oswa vezikil a motè yo lè sèvis yo ran lan te gen rapò ak yon aksidan, pwogram konpansasyon ouvriye, politik asirans etidyan, ak tout lòt revni fanmi tankou yon eritaj, kado, oswa distribisyon ki soti nan yon patrimwàn ki disponib, pami lòt ankò.
- B. Pasyan responsab pou li veye fakti lopital ki poko peye yo, ansanm ak tout kopeman ki egziste, ko-asirans, ak franchiz, epi kontakte lopital la si yo ta bezwen asistans pou peye kèk oswa tout balans yo dwe a.
- C. Pasyan an responsab pou li enfòma konpayi asirans sante aktyèl li a (si li genyen youn), oswa ajans leta ki te detèmine estati elijibilite pasyan an nan yon pwogram publik, sou tout chanjman ki fèt nan revni fanmi an oswa estati asirans lan. Lopital la asiste pasyan an tou nan aktyalize elijibilite li nan yon pwogram publik nan ka ta genyen chanjman nan revni fanmi oswa estati asirans la, avèk kondisyon pou pasyan an enfòme lopital la sou chanjman sa yo nan estati elijibilite pasyan an.

- D. Lopital la pral travay avèk pasyan an pou li asire l ke li konsyan de devwa li genyen pou avize lopital al ak pwogram konsène a kote l ap resevwa asistans lan (egzant, MassHealth, Connector, Health Safety Net, oswa Medical Hardship), sou tout enfòmasyon ki gen rapò ak yon chanjman nan revni fanmi an, oswa si li fè pati yon demann asirans ki ka kouvri depans pou sèvis lopital la bay yo.
- E. Nan ka yon pati tyès tankou, men pa sèlman, asirans kay oswa oto responsab pou kouvri depans pou swen nan ka aksdan oswa lòt ensidan, pasyan an pral travay avèk lopital la oswa pwogram ki konsène a (pami yo, men pa sèlman, MassHealth, Connector, oswa Health Safety Net) pou lege dwa pou rekipere montan ki peye oswa ki pa peye pou sèvis sa yo.
- F. Lopital pral antreprann tout efò rezonab ak dilijan pou kolekte enfòmasyon sou asirans pasyan an ak lòt enfòmasyon ankò pou verifye kouvèti pou sèvis swen sante lopital la pral bay yo.
 - 1. Rasanble enfòmasyon finansyè oswa pèsonèl pou pasyan y ap trete pou yon kondisyon ijans medikal oswa ki bezwen sèvis swen ijan yo ap retade jiskaske yo bay tretman an
 - 2. Efò yo ka fèt anvan yon randevou pwogramme, pandan premye enskripsyon an pèson pasyan an nan yon lopital pou yon sèvis, oswa nan lòt okazyon.
 - 3. Pasyan yo pral resevwa avi lopital la sou disponiblite opsyon kouvèti yo atravè pwogeam asistans publik ki disponib yo (tankou kouvèti nan MassHealth, pwogram peman asistans prim Health Connector ap opere a, Pwogram Sekirite Medikal Timoun yo, Health Safety Net, oswa Medical Hardship) sou fakti faktirasyon yo voye bay pasyan an oswa garan pasyan an apre prestasyon sèvis yo.
 - 4. Lopital la pral egzèse dilijans li dwe egzèse a tou atravè sistèm verifikasyon finansyè publik oswa prive ki la yo pou detèmine estati elijibilite pasyan an pou kouvèti asirans publik oswa prive. Lopital la pral eseye kolekte enfòmasyon sa yo anvan prestasyon sèvis swen sante ki pa ijan yo.
 - 5. Efò dilijans lopital la ap genyen pou li egzèse yo se, men pa sèlman, mande enfòmasyon sou estati asirans pasyan an, verifye ki baz done asirans publik oswa prive ki disponib, swiv presip faktirasyon ak otorizasyon yo, epi jan sa apwopriye, mande apèl pou yon demann ki refize lè sèvis la dwe peye an antye oswa an pati pa yon konpayi asirans tyès ki ka responsab pou depans dènye sèvis swen sante pasyan an.
 - 6. Lè pasyan an enfòme pèsonèl admisyon lopital la sou chanjman ki fèt nan revni fanmi an oswa nan estati asirans lan, ansanm ak tout aksyon lajistik oswa demann asirans ki ka kouvri depans pou sèvis lopital la bay yo, yo

pral travay avèk pasyan an pou asire ki enfòmasyon enpòtan yo al jwenn pwogram piblik ki konsène yo.

7. Nan ka pasyan an, garan an oswa gadyen an pa anmezi bay enfòmasyon ki nesesè yo, epi pasyan an bay konsantman li, lopital la pral fè efò rezonab pou li kontakte fanmi, zanmi, garan/gadyen, ak/oswa lòt tyès ki konsène pou plis enfòmasyon.
8. Efò dilijans rezonab lopital la gen pou li fè pou ankete sou si yon tyès asirans oswa lòt resous ka responsab pou depans sèvis lopital la dwe gen ladan yo, men pa sèlman, chèche konnen bò kote pasyan an si genyen yon politik aplikab pou kouvri depans demann yo, pamí yo, men pa sèlman:
 - a) politik responsabilite pwopriyetè kay oswa veyikil a motè
 - b) politik pwoteksyon nan ka domaj pèsonèl oswa aksidan jeneral
 - c) pwogram konpansasyon ouvriye yo
 - d) politik asirans etidyan yo
9. Nan ka lopital la anmezi idantifye yon tyès responsab oswa resevwa yon peman ki soti nan yon tyès oswa lòt resous (tankou ki soti nan yon konpayi asirans prive oswa yon lòt pwogram piblik), lopital la pral deklare peman an bay pwogram konsène a epi 1 ap dedui li, nan konfòmite avèk egzijans pwogram lan nan sa ki gen pou wè ak tretman demann, kont tout demann ki te ka peye pa yon tyès oswa lòt resous. Pou pwogram asistans piblik leta yo ki an reyalite te peye pou depans sèvis yo, lopital la pa gen obligasyon pou 1 sede dwa pasyan an bay kouvèti sèvis pa yon tyès. Nan ka sa yo, pasyan an ta dwe konsyan ke pwogram leta ki konsène yo ka eseye chèche sede depans pou sèvis yo bay pasyan an.

II. Pratik Faktirasyon ak Koleksyon Lopital la

- A. Lopital la gen yon pwosesis konsistan e ki inifòm pou li kolekte enfòmasyon ki nesesè pou soumèt demann yo ak fakti yo kèlkeswa estati asirans pasyan an. Pou presizyon, nan asirans kote pasyan an gen yon balans aktyèl ki gen rapò ak sèvis ki pa kouvri pa opsyon kouvèti piblik oswa prive, lopital la pral swiv pwosedi koleksyon/faktirasyon rezonab ki annapre a, ki gen ladan:
 1. Yon premye fakti (deklarasyon) li voye bay pasyan an oswa pati ki responsab pou obligasyon finansyè pèsonèl pasyan an; premye fakti a ap gen ladan enfòmasyon sou disponibilite asistans finansyè (tankou, me pa sèlman MassHealth, pwogram peman asistans prim ki opere pa Health Connector, Pwogram Sekirite Medikal Timoun yo, Health Safety Net ak Medical Hardship) pou kouvri depans ki sou fakti lopital la;

2. Enfòmasyon apre ki gen ladan yo faktirasyon (deklarasyon yo), apèl telefòn yo, lèt koleksyon yo, avi kontak pèsonèl yo, notifikasyon òdinatè yo, oswa tout lòt metòd notifikasyon ki reprezante yon efò reyèl pou kontakte pati ki responsab la pou fakti ki pa peye a epi ki gen enfòmasyon sou kòman pasyan an kapab kontakte lopital la pou asistans finansyè;
3. Dokimantasyon efò altènatif pou lokalize pati ki responsab pou obligasyon finansyè a, oswa adrès postal ki kòrèk la sou faktirasyon oswa deklarasyon sèvis postal la retounen yo pou rezon sa yo tankou "adrès ki pa kòrèk" oswa "pa ka livre";
4. Pou pasyan ki pa gen kouvèti asirans yo, lopital la pral voye yon avi final pa lapòs sètifye pou pasyan sa yo ki pa asire yo ki gen balans ki depase 1,000\$ pou tout sèvis ijan sèlman, oswa kote avi yo pa t retounen pou rezon "adrès ki pa kòrèk" oswa "ka pa livre", epi tou avize pasyan an sou disponibilité asistans finansyè nan komunikasyon an;
5. Dokimantasyon aksyon faktirasyon oswa koleksyon pèmanan an ki te anteprann pou 120 jou apati dat sèvis la kenbe epi disponib pou demonstre konfòmité avèk tout pwogram federal ak/oswa leta konsène pou verifye efò sa yo; epi
6. Verifye Sistèm Verifikasiyon Elijibilite Massachusetts (EVS) pou asire ke pasyan an pa yon Pasyan Ti Revni epi li pa soumèt yon aplikasyon pou kouvèti pou swa MassHealth, pwogram peman asistans prim ki opere pa Health Connector, Pwogram Sekirite Medikal Timoun yo, Health Safety Net, oswa Medical Hardship, anvan li soumèt demann yo bay Health Safety Net pou move kouvèti dèt.
7. Pou tout pasyan ki enskri nan pwogram asistans publik yo, lopital la ka sèlman faktire pasyan sa yo pou kopeman, ko-asirans, oswa franchiz espesifik ki ekspoze règleman leta ki konsène yo epi ki ka endike pi lwen sou Sistèm Enfòmasyon Jesyon Medicaid la.
8. Lopital la tou, lè yo mande pasyan an e sou baz yon revizyon entèn chak estati finansyè pasyan an, ka ofri yon pasyan yon diskont anplis ki aplike soubaz inifòm pou pasyan yo, epi ki pran an konsiderasyon sitiyasyon finansyè pasyan an ki dokimante ak enkapasite pasyan an pou fè yon peman apre aksyon koleksyon rezonab yo. Tout diskont lopital la bay konsistan avèk egzijans federal ak leta yo, epi li pa enflryanse yon pasyan pou li resevwa sèvis nan lopital la.

III. Popilasyon ki Egzante de Aktivite Koleksyon

- A. Nan konfòmîte avèk politik ak règlean leta yo, pasyan ki enskri nan pwogram asirans sante piblik annapre yo ap egzante de koleksyon ak eksepsyon ki mansyone anba yo. Pwogram asirans sante piblik sa yo se, men pa sèlman:
 - 1. MassHealth
 - 2. Èd an Ijans pou Vyeya, Andikape ak Timoun (EAEDC)
 - 3. Plan Sekirite Medikal Timoun yo (CMSP) revni MAGI =< 300% FPL
 - 4. Pasyan Ti Revni yo jan yo detèmine pa MassHealth ak Health Safety Net ansanm ak revni MAGI Household oswa Revni Fanmi Medical Hardship pou pran an kont ant 150.1 ak 300% FPL la
 - 5. Medical Hardship
- B. Lopital la ka chèche aksyon koleksyon kont tout pasyan ki anskri nan pwogram ki mansyone anwo yo pou obligasyon kopeman ak franchiz yo ki egzije pa chak pwogram espesifik;
- C. Lopital la ka inisyé faktirasyon oswa koleksyon pou yon pasyan ki pretann li se yon patisipan nan yon pwogram asistans finansyè ki kouvri depans pou sèvis lopital yo, epi ki pa bay prèv patisipasyon sa a. Apre li fin resevwa près satisfezan ke yon pasyan se yon patisipan nan yon pwogram asistans finansyè, (tankou resi oswa verifikasiyon aplikasyon ki siyen), lopital la pral sispann aktivite faktirasyon oswa koleksyon li an.
- D. Lopital la ka kontinye aksyon koleksyon an sou tout Pasyan Ti Revni pou sèvis li rann anvan li te dekoutri se yon Pasyan Ti Revni, avèk kondisyon ke estati aktyèl Pasyan Ti Revni a te fini, ekspire, oswa pa idantifye sou Sistèm Verifikasiyon Elijibilite a oswa Sistèm Enfòmasyon jesyon Medicaid la. Sepandan, depi li detèmine yon pasyan elijib epi enskri nan MassHealth, Pwogram Peman Asistan Prim ki Opere pa Health Connector la, Plan Sekirite Medikal Timoun yo a, oswa Medical Hardship, lopital la ap sispann aktivite koleksyon pou sèvis (avèk eksepsyon tout kopeman ak franchiz) li bay anvan kòmansman elijibilite li a.
- E. Lopital la ka chèche aksyon koleksyon kont tout pasyan k ap patisipe nan pwogram ki nan lis anwo a pou sèvis ki pa kouvri ke pasyan an te dakò pran responsabilite pou yo, avèk kondisyon ke lopital la jwenn konsantman ekri pasyan an pou li faktire li pou sèvis sa yo. Sepandan, menm nan sikontans sa yo, lopital la ka pa faktire pasyan an pou demann ki gen rapò ak erè medikal oswa demann konpayi asirans rensipal pasyan an refize akoz yon erè administrativ oswa faktirasyon.

IV. Aksyon Koleksyon Ekstrawòdinè (ECA yo)

- A. Lopital la ***PA*** itilize okenn Aksyon Koleksyon Ekstrawòdinè (ECA) jan sa defini nan Seksyon 501(c)(3) IRS la kòm aksyon yon etablisman lopital antreprann kont yon endividé nan sousi pou li jwenn peman yon fakti pou swen ki soti nan Plan Asistans Finansyè (FAP) etablisman lopital la

- B. Pou presizyon, lopital la ***PA*** pral:
1. vann dèt yon endividé bay yon lòt pati;
 2. deklare move enfòmasyon sou yon endividé bay ajans evalyasyon kredi pou konsomasyon oswa biwo kredi (kolektif, "ajans kredi");
 3. ranvwaye oswa refize, oswa egzije yon peman anvan li bay swen medikal nesesè a akoz youn oswa plizyè fakti ki pa peye pou swen li te bay deja ki te kouvri pa FAP etablisman lopital la;
 4. Mete yon dwa gaj sou pwopriyete yon endividé;
 5. Sezi pwopriyete yon endividé;
 6. Atache oswa sezi kont bank yon endividé oswa yon lòt pwopriyete pèsonèl;
 7. Kòmanse yon aksyon sivil kont yon endividé;
 8. Lakoz arestasyon yon endividé;
 9. Lakoz yon endividé sijè yon zak attachman kòporèl;
 10. Sezi salè yon endividé;
- C. Yon demann yon etablisman lopital depoze nan yon pwosedi defisi pa yon ECA.
- D. Yon dwa gaj yo mete sou pwodui yon jijman, règleman, oswa konpwomi yo dwe yon endividé (oswa reprezantan li) kòm konsekans domaj pèsonèl ki lakoz pa yon tyès etablisman lopital la te bay swen pou li pa yon ECA.
- E. Pandan lopital la pa di li p ap antreprann aksyon koleksyon ekstrawòdinè kont pasyan yo, lopital la ka itilize sèvis yon biwo kredi pou idantife to kredi yon pasyan pou detèmine abilité yon pasyan pou reponn ak obligasyon finansyè li.
- F. Lopital la ak ajan li yo p ap kontinye efò faktirasyon oswa koleksyon kont yon pasyan ki se yon manm yon pwosedi defisi esepte pou sekirize dwa li kòm kreyansye nan lòd apwopriye a (menm aksyon yo ka poze pa pwogram asistans piblik konsène a ki te peye pou sèvis yo). Lopital la ak ajsn li yo p ap chaje enterè nonplis sou yon balans pase pou yon Pasyan Ti Revni poko peye,
- G. Lopital la rete konfòm avèk egzijans faktirasyon aplikab yo epi swiv egzijans federal ak leta ki gen rapò ak sèvis espesifik ki pa peye ki te konsekans, oswa ki te gen rapò dirèk ak, yon Evènman ki dwe Deklare (SRE), koreksyon SRE a, yon konplikasyon apre ki parèt nan SRE a, oswa yon re-admisyon nan menm lopital la pou sèvis ki asosye avèk SRE a. SRE yo ki pa rive nan lopital la pa soti nan detèminasyon pou pa peye a toutotan etablisman tretman an ak etablisman responsab pou SRE a pa genyen pwopriyete komen oswa yon sosyete manman komen.
- H. Lopital la pa chèche peman nonplis nan men yon Pasyan Ti Revni atravè pwogram Health Safety net la ki gen demann li yon pwogram asirans te refize anvan akoz yon erè faktirasyon administrativ lopital la te fè.

V. Ajans Koleksyon Ekstèn

- A. Lopital la siyen kontra avèk yon ajans koleksyon ekstèn pou asiste nan koleksyon yon seri kont, pami yo montan pasyan an responsab ki pa peye apre 120 jou aksyon koleksyon san kanpe. Tout ajans koleksyon ekstèn ki gen kontra avèk lopital la pral bay pasyan an yon opòtinite pou konteste balans li a oswa depoze yon plent yo pral rezoud nan kolaborasyon avèk direksyon finans lopital pasyan an. Lopital la egzije pou tout ajans koleksyon ekstèn konfòme yo avèk tout egzijans koleksyon dèt ekitab federal ak leta yo.

VI. Depo ak Plan Vèsman

- A. Nan konfòmite avèk règleman Health Safety Net Massachusetts la ki pou pasyan ki swa: (1) detèmine kòm yon "Pasyan Ti Revni" oswa (2) kalifye pou Medical Hardship, lopital la pral bay pasyan an enfòmasyon sou depo ak plan vèsman an selon sitiyasyon finansyè pasyan an.
1. **Sèvis Ijans:** Lopital la pa egzije depo pou pre-admisyon ak/oswa pretretman nan men pasyan ki egzije Sèvis nan Nivo Ijans yo oswa yo detèmine ki Pasyan Ti Revni yo.
 2. **Pasyan Ti Revni:** Lopital la pa mande yon depo nan men pasyan yo detèmine ki se Pasyan Ti Revni yo.
 3. **Pasyan Medical Hardship:** Lopital la pa mande yon depo nan men pasyan ki elijib pou Medical Hardship yo.
 4. **Plan Peman pou Pasyan Ti Revni yo an nan kad Pwogram Health Safety Net Massachusetts la:** Lopital la pa mete restriksyon plan peman pou pasyan ti revni yo.
 5. **Franchiz CommonHealth One-Time:** Sou demann pasyan an, lopital ka faktire yon Pasyan Ti Revni nan sousi pou pèmèt pasyan an reponn ak egzijans Franchiz CommonHealth One-Time lan.
 6. **Plan Peman pou Pasyan Ti Revni Pasyèl HSN yo nan kad Pwogram Health Safety Net Massachusetts la, pou sèvis yo rann nan yon Sant Sante Lisansye Lopital la:**
 - a) CHA chaje tout montan peman net HSN pou sèvis la pou chak vizit.
 - b) Yo pa ofri opsyon peman franchiz 20% an pou pasyan ti revni pasyèl HSN yo.